



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: C-30

Sijè: RÈGLEMEN KI GEN POU WÈ AK CHWA, PÒS AK NOMINASYON DIREKTÈ AK DIREKTÈ ADJWEN

Kategori: MANM PÈSONÈL PEDAGOJIK

Pibliye: 1ye out 2019

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a fikse pwosesis pou chwa, pozisyon ak nominasyon Direktè ak asistan direktè lekòl. Li ranplase Règleman C-30- ki gen dat vendredi 21 septembre 2018.

Chanjman:

- Yo chanje non Divizyon Kapital Imèn (Division of Human Resources) pou yo rele I Divizyon Kapital Imèn nan tout règleman an.
- Yo ajoute yon nouvo seksyon ki tabli kondisyon anplis pou seleksyon direktè lekòl. Yo tabli pwosedi espesifik pou opinyon PA / PTA nan devlopman kritè seleksyon yo; opinyon kominote lekòl la nan devlopman kesyon entèvyou Nivo I; ak chitapale sipèntandan avèk SLT a avan yo nome yon direktè lekòl. Seksyon XI(C).
- Yo chanje tit moun ki antèt nan Divizyon Kapital Imèn pou relel Direktè Anhèf Kapital Imèn. Seksyon XII, XIII (M).
- Delè pou fini pwosesis seleksyon an chanje soti twa mwa rive sis mwa. Seksyon XIV.

TABMATYÈ

I.	INTRODUCTION	3
II.	DEFINITION OF VACANCY.....	3
III.	LICENSURE/QUALIFYING ELIGIBLE LISTS	3
IV.	NOTICE OF VACANCY.....	3
V.	FILING PROCEDURES	3
VI.	APPLICATIONS	3
VII.	SELECTION CRITERIA FOR PRINCIPALS AND ASSISTANT PRINCIPALS.....	3
VIII.	PRINCIPAL CANDIDATE POOL	5
IX.	RECRUITMENT	5
X.	TRANSFERS	5
XI.	SELECTION PROCESS.....	6
XII.	INTERIM-ACTING ASSIGNMENTS.....	14
XIII.	GENERAL PROCEDURES FOR IMPLEMENTATION OF THE C-30 PROCESS.....	15
XIV.	TIME LIMIT FOR COMPLETION OF SELECTION PROCESS.....	16
XV.	APPOINTMENT AND ASSIGNMENT	16
XVI.	COMPLAINT PROCEDURES	16
XVII.	PENALTIES FOR INAPPROPRIATE ACTION/MISCONDUCT	16
XVIII.	INQUIRIES	17

ATTACHMENTS

1. Fòm komite nivo 1
2. Bon teknik pou entèvyou
3. Akò onivo konfidansyalite/fòm sètifikasyon
4. Akò sou Konfidansyalite – Reyinyon Komite Lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT)

REZIME

Règleman sa a fikse pwosesis pou chwa, fonksyon presi ak nominasyon direktè ak asistan direktè lekòl.

I. ENTWODIKSYON

Règleman sa a fikse pwosedi pou yo suiv pou chwa, pòs ak nominasyon direktè ak asistan direktè lekòl. Li la pou asire ke pwosesis seleksyon sipèvizè yo jis ak baze sou prensip merit ak kalifikasyon. Akò kolektif Collective bargaining kapab gen ladan tou kondisyon ki gen pou wè avèk pwosesis pou chwazi sipèvizè. Règleman sa a pa gen pou wè ak jan pou mete yon ranplasan nan yon pòs vid dapre pwosedi legal pou voye anplwaye ale oswa pou desann grad yon anplwaye ke dispozisyon Lwa Eta ak kontra sendika administre, oswa ak transfè ke sipèntandan kominotè oswa Chanselye a fè dapre Lwa Eta oswa Kontra negosyasyon kolektif.

II. DEFINISYON PÒS VID

Nan kontèks Règleman sa a, yo defini pòs vid kòm yon pòs yo fèk kreye oswa ki pa gen moun ladan l poutèt transfè, demisyon, retrèt, konje mizandisponiblite, pwomosyon, revokasyon, oswa lanmò moun ki te nan pòs la.

III. LIS MOUN KALIFYE POU ELIJIBLITE/LISANS

Se sèl aplikan ki nan lis elijiblite sipèvizè kalifye a dapre yon Sèfika Elijiblite pou Jòb Sipèvizè Divizyon Kapital Imèn bay yo, ki ka aplike pou pòs sipèvizè.

IV. AVI PÒS VID

- A. Y ap afiche tout pòs vid sou sit wèb DOE a. Afich sa yo dwe reprezante avi obligatwa pou pòs vid. Divizyon Kapital DOE a kapab fè lòt aktivite pou fè konnen gen yon plas vid epi mete anons nan journal ak nan lòt *media*. Yo dwe mete nan anons yo kondisyon minimòm pou elijiblite pou pòs la.
- B. Pou pèmèt moun ki ta vle aplike pou pòs la okouran pòs lib la epi gen tan rezonal pou soumèt aplikasyon, yo dwe pibliye pòs lib omwen 15 jou kalandriye.

V. PWOSEDI POU KONBLE PÒS KI VID

Kandida yo dwe itilize sit wèb DOE a pou yo aplike. Li obligatwa pou gen yon adrès imèl pou aplike.

VI. APLIKASYON

Biwo kapital imèn ap kenbe yon lis tout aplikan pou pòs yo afiche yo.

VII. KRITÈ SELEKSYON POU DIREKTÈ AK ASISTAN DIREKTÈ

Anplis pou aplikan pou pòs direktè ak asistan direktè satisfè kondisyon minimòm elijiblite ke lalwa ak CR fikse, yo dwe pwouve kapasite yo pou dirije yon lekòl kote tout elèv yo sou wout pou gradye nan lekòl segondè pare pou kolèj ak karyè, dapare evalyasyon estrikti

aktyèl DOE pou responsablite. Anplis, aplikan pou pòs direktè ak asistan direktè yo dwe gen kòm kalifikasyon eksperyans akademik, jesyonè, administratif, ak pedagogik sa yo :

A. Lidèchip onivo ansèyman

1. Pou kore aplikasyon kourikoulòm solid, angajan ak presi.
2. Pou garanti enstriksyon efikas ki baze sou rechèch, ki antrene bonjan kalite travay elèv.
3. Pou garanti metòd evalyasyon yo adapte ak kourikoulòm ak enstriksyon.

Klima nan lekòl

1. Pou tabli ak kenbe estrikti pou anviwònman aprantisaj pozitif, entegrasyon divès kilti ak siksè elèv.
2. Pou tabli ak ankouraje yon eksperyans aprantisaj ki endike y ap atann pou tout elèv gen bèl akonplisman.

C. Estrikti pou Amelyorasyon lekòl

1. Resous ki adapte pou sipòte objektif lekòl ak bezwen elèv.
2. Pou ankouraje sipò pou yon teyori aksyon onivo lekòl la ak objektif atravè tout kominote lekòl la.
3. Pou kore ak evalye pwofesè atravè yon estrikti ansèyman kouran ki baze sou rechèch.
4. Pou ankouraje ekip pwofesè kolabore lè yo itilize metòd rechèch pou amelyore pratik nan salklas.
5. Pou evalye regilyèman desizyon onivo lekòl avèk yon konsantrasyon sou nòm kourikoulòm solid ak angajan.

D. Eksperyans pedagogik avan

1. Direktè yo dwe gen omwen sèt ane eksperyans pedagogik konplè avan yo elijib pou yo chwazi ak nomen yo.¹
2. Asistan direktè dwe gen omwen senk ane eksperyans pedagogik aprentan nan yon pòs pedagogik² pou yo eligib pou yo chwazi an nonmen yo.
3. Biwo sèvis sipò sipèvizè ap pibliye anons konsènan kondisyon eksperyans

¹ Men pòs pedagogik aplikan te gen avan ki kalifye yo pou pòs Direktè : pwofesè salklas, sansè, anseyan, konseye pedagogik, travayè sosyal lekòl, asistan direktè, pwofesè, administratè edikasyon ak tout sipèvizè pedagogik ki nan Kontra negosyasyon kolektif (*Collective bargaining agreement*) ant CSA ak DOE.

² Pòs pedagogik avan ki bay kalifikasyon pou asistan direktè se: pwofesè salklas, sansè, antrenè enstriksyon, konseye pedagogik, travayè sosyal lekòl, pwofesè yo nome, administratè edikasyon ak tout sipèvizè pedagogik ki nan Kontra negosyasyon kolektif (*Collective bargaining agreement*) ant CSA ak DOE.

pedagogjik pou pòs direktè ak asistan direktè.

Aplikasyon pou pòs sa dwe satisfè kondisyon akademik ke SED tabli. Anplis, y ap itilize metòd tankou evalyasyon rezime, revizyon evalyasyon ansyen pefòmans, ak referans pou evalye pefòmans kandida nan dosye yo lè yo te nan menm kalite pòs ak pòs sa a.

VIII. LIS KANDIDA POU PÒS DIREKTÈ

Tout nouvo kandida dwe satisfè kondisyon minimòm pou kalifikasyon SED fikse, epi yo dwe patisipe nan yon evalyasyon *Office of Leadership* fè ki adapte avèk kritè chwa fikse nan Seksyon VII pi wo a anvan yo mete yo nan yon lis kandida elijib pou aplike pou pòs yo afiche yo ("*Principal Candidate Pool oswa Pool*"). *Office of Leadership* ap kenbe rezilta evalyasyon yo epi y ap disponib pou manadjè k ap anlwaye moun yo.

Aplikasyon ki gen mwens pase sèt ane eksperyans pedagogjik elijib pou yo evalye yo pou admisyon nan Lis kandida pou pòs Direktè a, men yo pa elijib pou aplike pou pòs Direktè sofsi yo gen omwen sèt ane eksperyans pedagogjik, jan sa defini nan Seksyon VII pi wo a.

Direktè yo nonmen oswa deziyen pou yon pos anvan 1ye fevriye 2008, dat yo tabli Lis Kandida pou pòs Direktè, elijib pou yo mete yo nan Lis la otomatikman si yo gen yon klasman satisfèzan pou ane a antank Direktè pwovizwa oswa Direktè yo nonmen, epi yo satisfè kondisyon minimòm pou elijiblite pou Direktè ke SED tabli. Men, Direktè sa a pa elijib pou aplike pou pòs Direktè sofsi yo gen omwen sèt ane eksperyans pedagogjik jan sa defini an Seksyon VII (D) Règleman sa a.

IX. RECRUITMENT

- A. Pou fasilite rekritman Direktè lekòl yo, paran ak estaf kapab rekòmande moun ki kalifye ba *Office of Leadership* pou mete yo nan Lis Kandida pou pòs Direktè. *Office of Leadership* ap kontakte moun yo epi l ap bay yo enfòmasyon sou pwosesis pou aplike pou mete yo nan lis kandida pou pòs direktè a.
- B. Pou fasilite rekritman asistan direktè lekòl yo, paran ak estaf kapab rekòmande moun ki kalifye ba direktè lekòl pou konsidere yo kòm kandida pou pòs asistan direktè.
- C. *Office of Leadership* oswa Divizyon pou kapital imèn ka avize manm nan Lis osijè opòtitnite espesifik nan domèn ekspètiz yo.

X. TRANSFÈ

- A. Aplikasyon pou transfè nan yon lekòl menm Distri a pou Pòs yo afiche ki nan Domèn Lisans

Komite Nivo I an dwe fè entèvyou senk (5) sipèvizè pi ansyen yo ki aplike pou transfè nan yon pòs vid yo anonse nan domèn lisans y ap travay la. Se Atik IX-A nan Akò ant Komite Edikasyon *Board of Education* ak Konsèy Sipèvizè ak Administratè *Council of Supervisors and Administrators* (CSA) ki regle kondisyon transfè sa a.

B. Plan Transfè nan menm Distri pou pòs pedagogik sipèvizè

Atik IX-C nan Akò ant Komite Edikasyon *Board of Education* ak CSA pèmèt yo etabli yon lis sipèvizè volontè ki kapab transfere nan yon lekòl menm distri y ap travay. Sipèvizè yo dwe fini peryòd esè yo pou yo elijib pou mete yo sou lis la. Lis la dire pou yon peryòd de (2) ane, epi yo ka renouvle l pou yon lòt peryòd de (2) ane. Sipèvizè yo kapab refize yon transfè yon fwa sèlman pandan peryòd de (2) ane a, epi yo ka chwazi pou yo soti nan lis la lè yo refize yon transfè sèlman. Yo pa gen pou aplike pwosedi tabli nan Règleman sa a pou transfè dapre Atik IX-C Akò a.

C. Transfè Direktè ke sipèntandan oswa Chanselye deside

Dapre Lwa Edikasyon Eta a, nan kèk sikonstans, Chanselye a ak sipèntandan kominote a kapab transfere direktè lekòl san suiv pwosesis C-30 a.

XI. PWOSESIS CHWA

A. Manda pou aji

1. Atravè memo Chanselye a bay manda pou aji nan sitiyasyon sa yo :
 - a. otorite pou rejte nominasyon tout direktè ak asistan direktè sipèntandan kominote a fè, si gen rezon pou sa;
 - b. otorite pou nome Direktè ak asistan direktè lekòl segondè, lekòl distri 75 ak pwogram distri 79; ak
 - c. otorite pou pale avèk SLT a avan nominasyon direktè oswa asistan direktè yo.

B. Pwosedi jeneral

1. Biwo ki sou plas nan *Borough* yo pral kenbe dosye manm ki nan Komite Nivo I sou yon fòm komite nivo I pou lekòl ak pwogram yo sipòte (al gade Dokiman siplemantè Nimewo 1).
2. Moun ki gen otorite pou fè nominasyon an (dipèntandan pou pòs direktè/direktè pou pòs asistan direktè) dwe aji kòm manadjè pou rekritman (*Hiring Manager*).³
3. Pwosesis seleksyon pou pòs sou jiridiksyon distri lekòl kominote a gen de etap : Nivo I ak Nivo II. Pou pòs direktè, se sipèntandan kominotè a ki fè nominasyon an, jan yo tabli l pi byen pi ba a. Pou pòs asistan direktè, se direktè a ki fè seleksyon an ak nominasyon an.

³ Sipèntandan kominotè ki pa bay direktè lekòl manda pou nonmen asistan direktè pral sèvi kòm Manadjè pou rekritman asistan direktè.

4. Pwosesis seleksyon pou pòs lekòl segondè gen de etap: Nivo I ak Nivo II. Pou pòs direktè, se sipèentandan lekòl segondè a ki fè seleksyon an ak nominasyon an. Pou pòs asistan direktè, se direktè a ki pran desizyon pou fè seleksyon ak nominasyon final la.
5. Pwosesis seleksyon pou pòs Distri 75 gen de etap: Nivo I ak Nivo II. Pou pòs direktè, se sipèentandan Distri 75 ki fè seleksyon ak nominasyon an. Pou pòs asistan direktè, se direktè a ki fè seleksyon an ak nominasyon an.
6. Pwosesis seleksyon pou pòs Distri 79 gen de etap: Nivo I ak Nivo II. Pou pòs Direktè, se Sipèentandan Distri 79 ki fè seleksyon ak nominasyon an. Pou pòs asistan direktè, se direktè a ki fè seleksyon an ak nominasyon an.
7. Manadjè pou rekritman an dwe fòme Komite Nivo I an sou 30 jou apate dat li resevwa lis aplikan elijib, epi li dwe fikse dat pou entèvyou. Gwoup konstitiyan nan SLT a dwe chwazi reprezantan I yo pou Komite Nivo I an. Sepandan, si paran nan SLT a pa disponib pou ofri sèvis yo nan Komite Nivo I an, Prezidan Komite Nivo I an dwe bay manm egzekitif Asosyasyon paran (Parent Association, PA) lekòl la opòtinite pou ofri sèvis yo nan Komite Nivo I an. Si paran nan SLT a ak manm egzekitif PA a pa disponib, manadjè pou rekritman an pral otorize Prezidan PA a decide lòt metòd pou deziyen paran ki pou nan komite a, avèk konsantman Manadjè pou rekritman an. Manadjè pou rekritman an ka pa konsidere kantite minimòm manm obligatwa nenpòt lè. Lè Manadjè pou rekritman an resevwa aplikasyon yo, I ap fè yon evalyasyon preliminè tout aplikan ki nan lis kandida elijib la. Manadjè pou rekritman an ap evalye aplikasyon yo soumèt yo, epi li kapab chita diskite sou aplikasyon yo avèk lòt anplwaye DOE. "Hiring Manager" a ap idantifye 3-5 kandida pou komite nivo I an evalye epi li ka fè entèvyou avèk yo. Si yo pa kapab idantifye 3 kandida ominimòm, yo kapab tounen afiche pòs la nan sit wèb DOE a.
8. Komite Nivo I an fè entèvyou kandida Manadjè pou rekritman an soumèt yo. Moun dwe gade Dokiman siplemantè No. 2, "Bon teknik entèvyou," pou oryantasyon ak teknik apwopriye pou entèvyou. Yo dwe mete yon kopi Règleman sa a ansanm avèk yon kopi Dokiman siplemantè No. 2 a disponib pou tout manm komite yo omwen yon semèn avan oryantasyon an ak reyinyon entèvyou preliminè komite a.
9. Apre Komite Nivo I an fin fè entèvyou yo, Komite a okonplè dwe diskite sou merit chak aplikan yo entèvyouwe epi chak manm dwe ranpli fèy evalyasyon pou tout kandida. Prezidan Komite Nivo I an dwe soumèt fèy evalyasyon yo ba Manadjè pou rekritman an ansanm avèk tout lòt enfòmasyon/rekòmandasyon Komite Nivo I an vle soumèt sou aplikan yo entèvyouwe yo. Komite Nivo I an pral fini evalyasyon I, tankou evalyasyon kandida yo, nan espas swasant (60) jou apati dat Manadjè pou rekritman an te fòme Komite a.

10. Manadjè pou rekritman an pral konsidere tout aplikasyon yo, ansanm avèk evalyasyon yo, ak tout rekòmandasyon Komite Nivo I an fè, epi li ka konsidere tout rezilta aplikan yo nan evalyasyon Lis Kandida pou pòs Direktè a lè l ap deside ki kandida pou entèvyouwe nan Nivo II.
11. Si Manadjè pou rekritman an evalye kandida yo, epi li wè li pa kapab chwazi pèsonn ladan yo, li kapab mande pou yo tounen afiche pòs la, epi y ap reafiche l nan sit wèb DOE a.

C. Kondisyon anplis pou chwazi direktè lekòl yo

1. Devlopman kritè seleksyon

Pou pèmèt paran pi patisipe nan devlopman kritè seleksyon pou chwazi direktè yo, omwen sèt jou kalandriye avan entèvyou Nivo I yo, SLT a dwe kominike avèk PA / PTA lekòl la pou jwenn opinyon yo sou nenpòt kritè seleksyon PA / PTA kwè ki enpòtan pou pozisyon direktè lekòl la epi yo dwe voye kritè sa yo bay Prezidan Komite Nivo I an. Komite Nivo I a ap diskite sou nenpòt rekòmandasyon PA / PTA te resevwa epi detèmine si yo dwe mete yo. Pou yo kapab konsidere kritè seleksyon sa yo, yo dwe konsistan avèk kalifikasyon ki nan Seksyon VII pi wo a ak afich djòb la, epi yo dwe gen rapò avèk travay la.

2. Devlopman kesyon Nivo I

Lè komite Nivo I an ap devlope kesyon entèvyou yo, yo dwe devlope kesyon ki gen rapò avèk travay ki konsidere bezwen lekòl la ak kominote lekòl la. Omwen sèt jou kalandriye avan entèvyou Nivo I yo, Komite Nivo I an ka pran opinyon sou kesyon sa yo nan kominote lekòl la, ki gen ladan elèv ki ale lekòl la ak paran elèv ki ale lekòl la. Yo dwe voye tout opinyon bay Prezidan Komite Nivo I an. Komite Nivo I a ap diskite sou nenpòt rekòmandasyon konsènan kesyon entèvyou epi yo pral detèmine si yo dwe mete yo. Pou yo kapab konsidere kesyon entèvyou yo, yo dwe gen rapò avèk travay la.

3. Chitapale avèk sipèentandan / Nominasyon direktè lekòl la

- a. Avan yo nonmen yon direktè lekòl, sipèentandan an dwe chitapale avèk manm SLT a. Chitapale sa a dwe gen ladan yon diskisyon sou enfòmasyon Komite Nivo I an voye bay sipèentandan an, sou rezèv nenpòt kondisyon konfidansyalite ki aplikab yo. Manm SLT yo dwe gen jiska sèt jou kalandriye apre chitapale a pou voye kòmantè alekri bay sipèentandan an ak / oswa sipèentandan egzekitif ki apwopriye a, epi yo ka fè kòmantè aloral pandan reyinyon chitapale a.
- b. Sipèentandan an dwe konsidere tout kòmantè ak fidbak nan chitapale avèk SLT a epi li dwe bay SLT a yon repons alekri ki gen desizyon sipèentandan an konsènan nominasyon kandida a nan lespas sèt jou kalandriye apre li resevwa nenpòt kòmantè oswa fidbak.

c. Nan yon peryòd tan rezonab, sipèentandan an / reprezantan li dwe bay SLT a yon avi alekri sou desizyon final la sou nominasyon an avan yo anonse nominasyon an nan kominote jeneral lekòl la. SLT a ka enfòmè Chanselye a oswa reprezantan li sou nenpòt enkyetid nan 14 jou kalandriye apre avi a. Chanselye a oswa reprezantan li dwe reponn nan 14 jou kalandriye apre li resevwa nenpòt enkyetid nan men SLT la.

D. Komite Nivo I pou pòs distri lekòl kominotè

1. Pòs direktè lekòl

- Yon sipèvizè lekòl la oswa yon lòt lekòl nan menm distri kominotè a, men si okenn nan de sa yo pa disponib, yon sipèvizè yon lekòl nanmenm borough a;
- De (2) manm UFT;
- Yon (1) manm estaf sipò lekòl ke D.C. 37, Local 372 reprezante;
- Kat a sèt paran;
- Yon reprezantan sipèentandan (prezidan);
- Yon reprezantan òganizasyon entèmedyè a lè l apwopriye⁴.

2. Pòs asistan direktè

- Yon sipèvizè lekòl la oswa yon lòt lekòl nan menm distri kominotè a, men si okenn nan de sa yo pa disponib, yon sipèvizè yon lekòl nan menm borough a;
- De (2) manm UFT;
- Yon (1) manm estaf sipò lekòl ke D.C. 37, Local 372 reprezante;
- Kat a sèt paran;
- Yon reprezantan sipèentandan an;
- Yon reprezantan òganizasyon entèmedyè, lè l apwopriye (gade remak 4 nan pati anba dokiman an, paj 5);

⁴ Yon òganizasyon entèmedyè se yo òganizasyon ki sèvi kòm afilye prensipal (tankou yon inivèsite, ajans fòmasyon jèn, òganizasyon ki pa la pou pa fè pwofi oswa òganizasyon edikatif) nan devlopman ak sipò regilye nouvo lekòl ak ti kominote aprantisaj, jan *Office of School Design and Charter Partnerships* rekonèt sa. Òganizasyon entèmedyè a kapab bay yon òganizasyon kominotè *Community-based organization* (CBO) (yo rele l afilye CBO) plas li ki kenbe yon relasyon travay regilyèman avèk yon lekòl endividyèl. Yo dwe voye kesyon konsènan òganizasyon entèmedyè yo ba *Office of School Design and Charter Partnerships*.

- Direktè (prezidan).⁵

Komite Nivo I an dwe entèvyouwe ak evalye kandida Manadjè pou rekritman an soumèt yo.

E. Nivo II ak pwosesis nominasyon pou pòs Distri lekòl kominotè⁶

1. Nan nivo II, Manadjè pou rekritman an ap konsidere klasman, evalyasyon, ak rekòmandasyon Komite Nivo I an te soumèt, epitou li ka konsidere rezilta aplikan yo nan evalyasyon Lis Kandida pou pòs Direktè. Anplis, Manadjè pou rekritman an ka fè entèvyou kandida yo epi/oswa li ka itilize lòt teknik evalyasyon pwofesyonèl ki pa tès alekri.
2. nvan nominasyon yon direktè, sipèentandan an dwe chitapale avèk manm SLT a. Avan yo nonmen yon asistan direktè lekòl, direktè lekòl la dwe chitapale avèk manm SLT a.⁷ *Division of Human Capital* pral tabli pwosedi ak kalandriye pou fè chitapale sa yo.
3. Chanselye a oswa reprezantan I ka rejte nominasyon asistan direktè ak direktè si gen rezon pou sa.

F. Komite Nivo I pou Pòs nan lekòl segondè, Distri 75, ak Distri 79

1. Pòs direktè lekòl

- Yon sipèvizè lekòl la oswa yon lòt lekòl nan menm borough a;
- De (2) manm UFT;
- Yon (1) manm estaf sipò lekòl ke D.C. 37, Local 372 reprezante;
- Kat a sèt paran;
- Youn (1) jiska de (2) elèv (pou lekòl segondè sèlman);
- Yon (1) reprezantan sipèentandan an (prezidan);
- Yon reprezantan òganizasyon entèmedyè, lè l apwopriye (gade remak 4 nan paj 5).

2. Pòs asistan direktè lekòl

- Yon sipèvizè lekòl la oswa yon lòt lekòl nan menm borough a;
- De (2) manm UFT;
- Yon (1) manm estaf sipò lekòl ke D.C. 37, Local 372 reprezante;

⁵ Sipèentandan kominote ki pa bay direktè lekòl pouvwa pou nonmen asistan direktè ap sèvi kòm prezidan komite a.

⁶ Pou plis kondisyon ki regle seleksyon direktè lekòl yo, al gade nan Seksyon XI.C

⁷ Sipèentandan kominote ki pa bay direktè lekòl pouvwa pou nonmen asistan direktè dwe chitapale avèk SLT a avan yo nonmen yon asistan direktè.

- Kat a sèt paran;
- Youn (1) jiska de (2) elèv (pou lekòl segondè sèlman);
- Yon (1) reprezantan sipèentandan an;
- Yon reprezantan òganizasyon entèmedyè, lè l apwopriye (gade remak 4 nan pati anba dokiman an, paj 5);
- Direktè (prezidan).

Komite Nivo I an dwe entèvyouwe ak evalye kandida Manadjè pou rekritman an soumèt yo.

G. Nivo II ak pwosesis nominasyon pou pòs nan lekòl segondè, Distri 75, ak Distri 79⁸

1. Nan nivo II, Manadjè pou rekritman an ap konsidere klasman, evalyasyon, ak rekòmandasyon Komite Nivo I an te soumèt, epitou li ka konsidere rezilta aplikan yo nan evalyasyon Lis Kandida pou pòs Direktè. Anplis, manadjè pou rekritman an ka fè entèvyou kandida yo epi/oswa li ka itilize lòt teknik evalyasyon pwofesyonèl ki pa tès alekri avan l mete yon randevoui.
2. Avan yo nonmen yon direktè lekòl, sipèentandan lekòl segondè a, sipèentandan Distri 75 oswa Distri 79 la dwe chitapale avèk manm SLT a. Avan yo nonmen yon asistan direktè lekòl, direktè lekòl segondè a, Distri 75 oswa Distri 79 la, jan sa apwopriye a, dwe chitapale avèk manm SLT a. *Division of Human Capital* pral tabli pwosedi ak kalandriye pou fè chitapale sa yo.

H. Pwosesis chwa direktè egzekitif

1. Kritè elijiblite

Anplis kritè ki nan Seksyon VII Règleman sa a, kandida pou pòs Direktè egzekitif Lekòl dwe satisfè tou kritè seleksyon sa yo :

- a. yon minimòm twa ane eksperyans kòm direktè nan yon lekòl byen etabli oswa kat ane eksperyans kòm direktè ki fonde yon nouvo lekòl; epi
- b. yon dosye solid amelyorasyon konsiderab, global nan pèfòmans elèv, dapre endikatif rapò sou pwogrè (pou Direktè aktyèl NYC) ansanm ak lòt endis kantitatif ogmantasyon pèfòmans elèv (pou tout aplikan).

2. Pwosesis Aplikasyon an

Y ap afiche yon pòs pou Direktè Egzekitif Lekòl nan sit wèb DOE a pandan tout ane a. Aplikan pou pòs Direktè egzekitif sipoze soumèt CV yo atravè sit wèb DOE a. *Division of Human Capital* ak *Division of Academics, Performance and Support* pral revize ak evalye aplikasyon yo pou gen prèy yo satisfè kritè pou elijiblite yo. Sèl aplikan *Division of Human Capital* detèmine ki kalifye ap elijib

⁸ Pou plis kondisyon ki regle seleksyon direktè lekòl yo, al gade nan Seksyon XI.C

pou pòs direktè egzekitif.

3. Nivo I pou pòs Direktè Egzekitif

a. Manadjè pou rekritman an pral idantifye omwen de (2) kandida kalifye pou patisipe nan entèvyou Nivo II, epi li ap entèvyouwe yo. Si gen sèlman yon kandida pou pòs la yo te evalye epi *Division of Human Capital* panse ki kalifye Manadjè pou rekritman an ka chwazi kandida sa a.

b. Men jan Komite Nivo I pou pozisyon Direktè egzekitif la òganize :

- Yon sipèvizè lekòl la oswa yon lòt lekòl nan menm distri kominotè a (pou pòs nan distri kominote), oswa yon sipèvizè yon lòt lekòl nan menm borough a (pou pòs lekòl segondè);
- Manm SLT a, eksepte direktè lekòl la;
- Yon (1) reprezantan sipèentandan an (prezidan);
- Yon reprezantan òganizasyon entèmedyè, lè li apwopriye (gade remak 4 nan paj 5).

4. Nivo II pou pòs Direktè Egzekitif

Manadjè pou rekritman an sipoze konsidere klasman, evalyasyon ak rekòmandasyon komite Nivo I soumèt yo, epi li kapab entèvyouwe kandida yo ak/oswa itilize lòt teknik evalyasyon pwofesyonèl ki pa egzamen alekri.

5. Pwosesis nominasyon pou Direktè Egzekitif

a. Avan nominasyon yon direktè egzekitif, sipèentandan dwe chitapale avèk manm SLT a.

b. Chanselye oswa reprezantan li ka rejte nominasyon direktè egzekitif si gen rezon pou sa.

I. Pwosesis C-30 pou konfidansyalite/Fòm atestasyon obligatwa

Tout kesyon ki gen pou wè avèk aplikan, entèvyou, seleksyon kandida, ak deliberasyon ak rekòmandasyon Komite Nivo I an konfidansyèl. Yo pa dwe revele enfòmasyon yo aprann sou aplikan yo eksepte pou pwosesis seleksyon an. Yo pa dwe revele enfòmasyon sou aplikan Oeksepte si lalwa oswa Règleman mande sa. Tout manm Komite Nivo I dwe siyen Fòm Sètifikasyon/Akò Konfidansyalite (gade Dokiman siplemanntè No. 3).

Yon moun ki se yon fanmi pwòch oswa ki abite nan menm kay avèk yon aplikan yo entèvyouwe pou yon pòs pa ka nan Komite Nivo I pou pòs sa a? Anplis, lè manm komite a siyen Akò Konfidansyalite/Fòm Sètifikasyon an, yo sètifye yo revize lis kandida yo seleksyone pou entèvyouwe yo, epi pa gen okenn anpechman pou yo fè pati komite a yon fason jis san patipri, epi dapre tout sa yo konnen, Office of Special Investigations, Office of Personnel Investigation, Special Commissioner of

Investigation, Office of Equal Opportunity, oswa nenpòt lòt ajans ranfòsman lalwa oswa lòt ajans p ap mennen yon envestigasyon sou yo.

Manm SLT a dwe siyen tou yon Akò Fòm Konfidansyalite (gade dokiman siplemantè No. 4).

J. Patisipasyon estaf

1. Jeneral

a. Manm estaf pa ka ofri sèvis yo nan Komite Nivo I oswa patisipe nan seleksyon fonksyonè ki pral ofri sèvis yo nan Komite Nivo I pou pòs espesifik yo aplike.

b. Manm estaf UFT, CSA, ak DC 37 nan SLT a ki se anplwaye plen tan lekòl la, epi ki gen rapò anyèl safisfezan pou twa ane anvan yo elijib pou ofri sèvis yo nan Komite Nivo I yo. Manm estaf ke *Office of Special Investigations, Office of Personnel Investigation, Special Commissioner of Investigation, Office of Equal Opportunity*, oswa nenpòt lòt ajans ranfòsman lalwa oswa lòt ajans ap mennen yon envestigasyon sou yo pa elijib pou ofri sèvis yo.

2. Repezantasyon UFT

a. De (2) repezantan UFT dwe travay nan lekòl SLT a. Prezidan Chapter UFT a pa oblije manm Komite Nivo I an. Sepandan, si repezantan sa yo pa disponib, UFT ka voye lòt repezantan UFT ki nan lekòl kote gen pòs vid la pou fè pati Komite Nivo I an.

b. Pwofesè sipleyan pa ka ofri sèvis yo nan Komite Nivo I yo.

c. Si yo pa nonmen yon repezantan apre 15 jou kalandriye depi yo mande patisipasyon repezantan an, komite a ka kontinye pwosesis entèvyou Nivo I an san repezantasyon UFT.

3. Repezantasyon estaf sipò lekòl

a. Repezantan DC 37, Local 372 dwe soti nan SLT lekòl la.⁹ Sepandan, si pa gen repezantan sa yo nan SLT a, prezidan Distri DC 37 lan dwe deziyen yon lòt repezantan ki travay nan lekòl kote gen pòs vid la.

b. Si yo pa nonmen yon repezantan apre 15 jou kalandriye yo mande patisipasyon repezantan an, komite a ka kontinye pwosesis entèvyou a san repezantasyon DC 37.

4. Repezantasyon sipèvizè

a. CSA a pral deziyen sipèvizè pou ofri sèvis yo nan Komite Nivo I.

⁹ Kowòdonatè paran pa elijib pou yo nan SLT nan lekòl kote y ap travay la.

- b. Se sipèvizè yo seleksyon kòm sadwa ke yo nonmen nan pòs yo ki elijib pou ofri sèis yo nan Komite Nivo I yo. Sipèvizè pwovizwa pa elijib pou ofri sèis nan Komite Nivo I yo.
- c. Si yo pa nonmen yon reprezantan apre 15 jou kalandriye depi yo mande patisipasyon reprezantan an, komite a ka kontinye pwosesis entèvyou Nivo I an san reprezantasyon CSA.

K. Patisipasyon paran

1. Tout reprezantan paran dwe se paran, responsab oswa yon moun ki gen relasyon paran avèk timoun ki nan lekòl leta kote gen pòs vid la, epi yo dwe manm SLT a. Sepandan, si paran nan SLT lekòl la pa disponib pou ofri sèvis yo nan komite Nivo I an, prezidan komite Nivo I an dwe bay manm egzekitif Asosyasyon paran lekòl la opòtinite pou ofri sèvis yo nan Komite Nivo I an. Si paran nan SLT a ak manm egzekitif PA a pa disponib, Sipèntandan k ap nonmen moun lan (oswa Direktè pou pòs Asistan Direktè) ap otorize Prezidan PA a idantifye lòt metòd pou deziyen paran pou ofri sèvis yo nan Komite a, avèk konsantman Manadjè pou rekritman an. Manadjè pou rekritman an ka pa konsidere kantite minimòm manm obligatwa nenpòt lè.
2. Paran ke Office of Special Investigations, the Office of Personnel Investigations, the Special Commissioner of Investigation, the Office of Equal Opportunity, Office for Family and Community Engagement oswa nenpòt lòt ajans ranfòsman lalwa ak lòt ajans ap mennen envestigasyon sou yo pa ka ofri sèvis yo nan yon Komite Nivo I.
3. Paran pa ka nan yon Komite Nivo I okenn lekòl kote y ap travay. Paran k ap travay nan lòt lekòl elijib pou fè pati Komite Nivo I yo amwenske sipèvizè imedya paran an se yon kandida pou pòs la.

L. Patisipasyon elèv (Lekòl segondè sèlman)

Tout reprezantan elèv dwe se elèv ki nan lekòl segondè kote gen pòs vid la epi yo dwe nan SLT a. Yo dwe se elèv ki pa bay pwoblèm nan lekòl la tout tan.

XII. JÒB PWOVIZWA

Manadjè pou rekritman yo dwe prepare, afiche ak konplete pwosesis seleksyon an avan ke pòs la vid prezantman. Si sa pa posib, manadjè pou rekritman an ka mete yon sipèvizè pwovizwa, dapre pwosedi Administratè anchèf Division of Human Capital. Yo pa dwe itilize pwosesis pou mete yon sipèvizè pwovizwa a pou ranplase pwosesis entèvyou ak seleksyon ki dekri nan Règleman an.

Sipèvizè pwoviwa yo dwe gen bon jan sètifikasyon epi yo dwe satisfè kondisyon ki gen pou wè ak tout eksperyans yo mande pou pòs la, tankou eksperyans pedagogik yo tabli nan Seksyon VII (D) pi wo a. Anplis, Direktè pwoviwa yo dwe nan Lis kandida pou pòs

direktè a, eksepte nan sikonstans eksepsyonèl lè Chanselye a oswa reprezantan I ka otorize yon pòs direktè pwovizwa avan yo fini yon evalyasyon pou lis kandida pou pòs direktè a. Yo dwe avize PA a konsènan moun yo deziyen mete nan pòs la pwovizwaman.

Manadjè pou rekritman an dwe fè *Division of Human Capital* la konnen tout djòb pwovizwa avan vrè dat djòb la kòmanse.

XIII. PWOSEDI JENERAL POU APLIKE PWOSESIS C-30 A

- A. Yo pa dwe fikse entèvyou pandan peryòd aplikan oswa manm komite pa disponib poutèt fèt relijye.
- B. Yo dwe fè entèvyou Nivo I yo apre lè lekòl, eksepte pou entèvyou Direktè egzekitif.
- C. Yo dwe kenbe dosye entèvyou, prezans nan reyinyon, ak evalyasyon kandida yo.
- D. Yo ka fikse entèvyou pandan ete si tout manm Komite a ak aplikan sa yo pou yo entèvyouwe yo disponib.
- E. Yo dwe kenbe rezime yo nan yon kote sennesòf pou garanti konfidansyalite.
- F. Pandan yon reyinyon anvan entèvyou pou yo òganize touswit anvan entèvyou kandida yo, Komite Nivo I an dwe deside sou kesyon espesifik pou yo poze pandan entèvyou yo. Yo dwe poze chak kandida menm kesyon yo nan menm lòd la. Yo sijere poze omwen 4 oswa 5 kesyon ki pwouve kritè seleksyon ki nan Seksyon VII la. Yo ka poze lòt kesyon siplemantè. epi yo pa bezwen fikse yo davans, men yo dwe gen pou wè avèk repons kandida yo bay, men se pa kesyon ki bay yon lide sou jan pou jwenn repons apwopriye a. Yo ta dwe bay apeprè menm kantite tan pou chak entèvyou. Manm komite yo ta dwe deside ki repons kle ki akseptab lè y ap prepare kesyon yo.
- G. Yo dwe bay manm nan Komite a ak aplikan yo avi rezonab konsènan dat, lè, ak kote y ap fè reyinyon yo.
- H. Tout manm komite nivo I yo dwe itilize yon fèy evalyasyon ofisyèl pandan chak pwosesis nivo I.
- I. Okenn lòt manm komite a gen otorizasyon ofri sèvis li depi pwosesis la fin kòmanse. Yo pa pèmèt okenn moun ranplase reprezantan yo.
- J. Lè yo bay manm Komite a avi rezonab pou yon reyinyon Komite Nivo I ke yo fikse, Komite Nivo I la ka kontinye travay li si yon manm nan Komite a absan.
- K. Se sèl manadjè pou rekritman an oswa *Division of Human Capital* ki ka tcheke referans kandida yo mete nan aplikasyon yo.
- L. *Division of Human Capital* ap bay èd teknik epi I ap entèpretasyon nan aplikasyon Règleman sa a. Si li vle la, *Division of Human Capital* la kapab mete yon moun pou obsève komite a pou garanti pwosesis seleksyon an konfòm avèk Règleman an epi li jis ak san patipri. Yo pa pèmèt okenn lòt moun vin obsève.

M. Chanselye a rezève dwa l pou pa aplike règleman sa a oswa nenpòt pòsyon ladan si Chanselye a wè l ap pi bon pou sistèm lekòl la. Demand eksepsyon Chanselye a fè konsènan kondisyon sou eksperyans pedagogik yo mete nan seksyon VII ki pi wo a pral jwenn Chanselye a nan adrès, 52 Chambers St., Room 320, New York, NY 1000, Attn: Demand eksepsyon pou C-30. Tout lòt demann Chanselye a dwe al jwenn Administratè anchèf *Division of Human Capital* nan Division of Human Capital, 65 Court St., Room 405, Brooklyn, NY 11201.

XIV. DELÈ POU FINI AK PWOSESIS SELEKSYON AN

Yo dwe mete ranpli pòs vid la nan espas sis mwa depi yo afiche djòb la.

XV. NOMINASYON AK FONKSYON

Division of Human Capital la dwe garanti fòmasyon tout kandida ak nivo pèfòmans yo satisfè kondisyon pou tout kalifikasyon ak kritè nesèsè, epi pou voye non kandida yo rekòmande pou alokasyon pòs la ba Office of Special Investigations, the Office of the Special Commissioner of Investigation ak Office of Personnel Investigations pou otorizasyon.

XVI. PWOSEDI POU POTE PLENT

Pwosedè sa yo pa la pou modifiye ni pou elimine okenn pwosedè plent ki fè pati Kontra negosyasyon kolektif.

A. Yo dwe refere ba Chanselye a tout plent ki gen pou wè avèk pwosesis seleksyon an.

B. Delè pou pote plent

1. Yo dwe fè tout plent ki gen pou wè avèk pwosesis seleksyon an nan espas kenz (15) jou apati dat swadizan volasyon an oswa nan espas kenz (15) jou apati dat moun k ap fè plent lan vin rann li kont gen yon vyolasyon.

Si yo pa fè plent lan alè, moun ki pote plent lan dwe bay yon bon rezon poukisa li pa te vin fè plent lan nan espas tan yo tabli a.

2. Yo ta dwe depoze plent yo alekri avèk prèv/dokiman pou kore vyolasyon y ap pale a.
3. Chanselye a oswa reprezantan l, dèke yo fin resevwa yon plent, ap kòmanse yon envestigasyon apwopriye sou pwoblèm lan epi l ap prezante yon desizyon alekri nan espas ven (20) jou apre yo fin fè envestigasyon an.

XVII. SANKSYON POU AKSYON/KONDUIT KI PA APWOPRIYE

A. Y ap pran sanksyon drastik pou tout vanjans estaf DOE pran kont manm komite a oswa kont pitit yo poutèt patisipasyon yo oswa evalyasyon yo fè nan komite seleksyon C-30 a.

B. Tout moun ki vyole konfidansyalite pwosesis C-30 an pasib eliminasyon nan pwosesis la epi yo ka anpeche l ofri sèvis li alavni nan komite C-30 yo.

- C. Yo dwe rapòte touswit tout manm ki sanble ap eseye enfliyanse manm komite k ap patisipe nan komite pou chwa sipèvizè ba Office of the Special Commissioner of Investigation for the New York City School District, 80 Maiden Lane – 20th floor, New York, NY 10038.
- D. Tout manm nan Konsèy Edikasyon Vil la oswa Konsèy Edikasyon pou Kominote (Citywide Education Council, CEC) ki eseye jwe move wòl nan pwosesis seleksyon oswa pwosesis nominasyon sipèvizè ap pasib revokasyon nan pòs yo. Yo dwe rapòte manm sa a k ap eseye jwe move wòl nan pwosesis la touswit ba Office of the Special Commissioner of Investigation for the New York City School District nan adrès ki pi wo a.

XVIII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Office of Supervisory Support Services

N.Y.C. Depatman Edikasyon

65 Court Street – Room 405

Brooklyn, NY 11201

Telefòn: 718-935-2822

Faks: 718-935-5214



OFFICE OF SUPERVISORY SUPPORT SERVICES
65 Court Street, Room 405
Brooklyn, New York 11201
MAIN (718) 935-2822 FAX (718) 935-3366

FÒM KOMITE NIVO 1 C-30

DISTRI ak *LEKÒL*: _____ *PÒS*: _____ *DAT YO AFICHE PÒS VID LA*: _____

DAT ENTÈVYOU: _____ *LÈ ENTÈVYOU A*: _____ *MANADJÈ POU REKRITMAN AN*: _____

PATI A REPREZANTAN CSA:

Pou pòs Asistan direktè, manadjè k ap anplwaye a mande konsantman CSA pa imèl nan C30@CSA-NYC.ORG. Pou pòs Direktè, Kowòdonatè C-30 a mande konsantman CSA a.

1. _____

PATI B REPREZANTAN UFT:

1. _____ 2. _____

PATI C REPREZANTAN SIPÈENTANDAN:

1. _____

PATI D - REPREZANTAN PTA/PA (MINIMÒM KAT):

1. _____ 2. _____

3. _____ 4. _____

5. _____ 6. _____

7. _____ 8. _____

PATI E REPREZANTAN DC 37 (LI PA KA YON KOWÒDONATÈ PARAN):

1. _____

PATI F - REPREZANTAN ELÈV (LEKÒL SEGONDÈ SÈLMAN; MINIMÒM YONN):

1. _____ 2. _____

PATI G - REPREZANTAN ÒGANIZASYON ENTÈMEDYÈ (si genyen):

1. _____

DEKLARASYON ATESTASYON Sa a se pou konfime yo te chwazi manm Komite Nivo I yo dapre CR-30.

Non Kowòdonatè C-30 la: _____

Siyati Manadjè HR: _____ Dat: _____

Tanpri siyen fòm ou fin ranpli a epi fakse l ba:

Office of Supervisory Support Services - (718) 935-3366
Attn. Kowòdonatè C-30

BON TEKNIK POU ENTÈVYOU

Laj

- **Pa** mande laj kandida a ni dat nesans li.
- **Pa** mande kandida a bay dokiman ki gen laj li (tankou, batistè, paspò, lisans chofè).

Pwogram planin

- **Pa** mande kandida a si l ka fè pitit, ni pa fè reklam pou okenn pilil oswa tip planin pou fanmi.
- **Pa** mande kandida a si l konte fè timoun tousuit.

Sitwayènte

- **Pa** mande kandida a nan ki peyi li soti.
- **Pa** mande kandida a kilè li pran sitwayènte peyi sa a.
- **Pa** mande kandida a pou l montre papyè natiralizasyon l yo.
- **Ou ka** mande kandida a si l se yon sitwayen Ameriken oswa si l gen dwa legal pou l abite nan Etazini.

Kategori moun

- **Pa** poze kesyon konsènan laj li genyen oswa li sanble genyen, ras li, relijyon l, kwayans li, koulè po l, peyi li fèt, sitiyasyon l antan etranje, sitiyasyon l onivo sitwayènte, andikap li genyen, sèks li, oryantasyon seksyèl li, oswa sitiyasyon marital li.
- **Pa** poze kandida a kesyon konsènan relasyon avèk yon moun nan okenn kategori nou site pi wo a.

Dosye kriminèl

- **Pa** mande kandida a si yo te deja arete l.
- Byenke li pa legal pou mande si yon kandida te kondane pou krim oswa si gen yon dekrè pou arestasyon l, **pa** mande kesyon sa yo pandan entèvyou yo, paske yo deja fè pati pwosesis anprent/verifikasyon dosye l.

Andikap

- **Pa** mande kandida a si l gen yon andikap.
- **Pa** mande kandida a si yo te trete l pou kèk maladi, swa fizik swa mantal.
- **Pa** mande kandida a si l gen yon pwoblèm dwòg oswa alkòl.

Lisans chofè

- **Pa** mande kandida a pou l montre lisans chofè l.

Nouyòk

- **Ou ka** poze kandida a kesyon konsènan edikasyon l (paegzanp lè li gradye) epi nan ki lekòl li te etidye.
- **Pa** mande kandida a dat li te nan lekòl la oswa dat li gradye.

Lang etranje

- **Pa** mande kandida a ki lang natifnatal li oswa fason li fè vin kon li, ekri, oswa pale yon lang ki pa lang angle.
- **Ou ka** mande kandida a ki lang li pale ak ekri, si kesyon sa a enpòtan pou pòs li vle genyen an.

Sitiyasyon marital

- **Pa** mande kandida a si l marye, selibabè, divòse, oswa separe.
- **Pa** mande yon kandida fi si l ta pito yo rele l Madmwazèl, Madam, oswa Miss.

Divès lòt bagay

- Pa mande l enfòmasyon konsènan mari l/madanm li.

Eksperyans militè

- **Pa** poze kandida a kesyon konsènan eksperyans li genyen eksepte osijè sèvis li ofri nan Fòs Ame Etazini oswa nan yon Fòs Ame Eta a.
- **Ou ka** poze kandida a kesyon konsènan eksperyans militè l nan Fòs Ame Etazini oswa nan yon Fòs Ame Eta a.
- **Ou ka** mande kandida a si yo revoke l poutèt li dezonore lame, men ou dwe endike ke revokasyon poutèt yon dezonè pa toujou yon rezon pou yo diskalifye l pou yon djòb.

Non

- **Pa** mande non jenn fi yon fi ki marye oswa yon fi ki ta marye.
- **Pa** mande non yon moun te genyen anvan yo chanje l dapre desizyon yon tribinal oswa lòt jan.
- **Ou ka** mande si lòt enfòmasyon konsènan non kandida a nesèsè pou pèmèt tcheke dosye travay kandida a.
- **Ou ka** mande si kandida a te itilize yon lòt non pou travay pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

Peyi kandida sòti

- **Pa** poze kesyon osijè ansèt kandida a, orijin li, peyi li sòti, desandan l, paran l, oswa nasyonalite l.
- **Pa** poze kandida a kesyon konsènan peyi li fèt, oswa peyi fanmi li yo fèt.

Avi nan ka ijans

- **Pa** mande kandida ki moun pou yo kontakte sizoka ta gen yon ijans.

Òganizasyon

- **Pa** mande kandida a pou l site tout club ak òganizasyon li se yon manm.
- **Ou ka** mande kandida a si l se yon manm yon òganizasyon ki gen pou wè ak pòs li vle genyen an.

Foto

- **Pa** mande kandida a pou l bay yon foto pou yo konsidere l pou pòs la.

Ras/Koulè po

- **Pa** poze okenn kesyon ki gen pou wè avèk ras oswa koulè po kandida a.

Fanmi

- **Pa** mande kandida a pou l bay non, adrès, oswa laj moun nan fanmi li ki p ap travay nan NYCDOE.
- **Pa** mande kandida a pou l bay non moun nan fanmi li k ap travay nan NYCDOE.



**Department of
Education**

Regleman Chanselye C-30 - Dokiman siplemantè No. 2 - Paj 3 nan 3

Relijyon

- **Pa** chèche konnen non relijyon, pawas, legliz, sinagòg, oswa fèt obligasyon relijyon kandida a.
- **Pa** mande kandida a pou l renonse pratik reliyon l (paegzanp tout aspè nan aparans kandida a) kòm yon kondisyon pou l travay nan NYCDOE.

Sèks

- **Pa** mande sèks kandida a.

Eksperyans Travay

- **Ou ka** poze kandida a kesyon konsènan eksperyans travay li konn abitye fè. 13 Septanm 2013

RESOUS IMÈN

FÒM SÈTIFIKASYON/KONSANTMAN POU KONFIDANSYALITE

Tit pozisyon an _____ Lekòl _____ Distri _____

Konsantman pou konfidansyalite: Mwen konprann ke tout kesyon konsènan pwosedi pou seleksyon trè konfidansyèl. Lè m aksepte pou ofri sèviv mwen kòm yon manm nan komite, mwen aksepte tout responsablite pou m kenbe konfidansyalite total epi mwen pa p revele okenn enfòmasyon konsènan aplikan yo ba okenn moun swa pandan pwosesis seleksyon an swa apre. Tout vyolasyon akò sa a pral diskalifye m pou mwen manm nan komite sa a, epi li ka diskalifye m pou patisipe nan lòt komite alavni.

Deklarasyon atestasyon an: Dapre CR- C30, okenn moun ki se fanmi pwòch oswa ki rete nan menm kay avèk yon aplikan, pa ka ofri sèvis li nan yon Komite Nivo I.

Èske ou se yon fanmi pwòch* oswa abite nan menm kay avèk yon aplikan yo rekòmande pou evalyasyon nan Komite Nivo I pou pòs sa a? Wi _____ Non _____

Sonje: Si w te reponn WI, w ap diskalifye pou ofri sèvis ou kòm manm nan komite seleksyon sa a.

ATTESTATION:

1. Mwen revize lis aplikan yo rekòmande pou evalyasyon nan Komite Nivo I an.
2. Mwen konprann ke si ta gen nenpòt chanjman nan rapò m ak yon kandida, m ap avèti Prezidan Komite Nivo I an imedyatman epi m ap kite pwosesis seleksyon an.
3. Dapre sa m konnen, pa gen okenn anpechman pou mwen manm nan Komite Nivo I an san patipri.
4. Mwen deklare dapre sa m konnen, *Office of Special Investigations, Office of the Special Commissioner of Investigation* pou Distri lekòl Vil Nouyòk, ni okenn fòs polis ni okenn lòt ajans pa p mennen envestigasyon sou mwen.
5. Mwen sètifye ke mwen te gen bon evalyasyon pou twa ane avan yo, epi pa gen okenn mezi disiplin yo pran kont mwen. (Pou anplwaye sèlman)
6. Mwen sètifye ke deklarasyon mwen fè la a se laverite epi yo kòrèk, dapre sa m konnen ak sa mwen kwè.

AVÈTISMAN : Yon moun ki fè ekspres pou bay fo deklarasyon oswa ki vyole konfidansyalite ap diskalifye pou ofri sèvis li nan Komite Nivo I sa a, epi li ka diskalifye pou vin manm nan lòt komite alavni.

Siyati manm komite a _____ Dat _____

(Tcheke ki afilyasyon)

CSA _____ UFT _____ Paran _____ DC 37 _____ Elèv lekòl segondè _____

*Paran pwòch vle di yon paran, mari/madam, pitit, avèk li, pitit, frè, sè, tant, onk, neve, nyès, granparan, pitit pitit oswa mari/madanm nenpòt ladan yo oswa yon moun ki gen menm rapò ak mari/madanm anplwaye a.

**NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION
65 COURT STREET
BROOKLYN, NEW YORK 11201**

**Konsantman pou konfidansyalite
Chita pale avèk Ekip Lidèchip Lekòl *School Leadership Team* (SLT)**

Non lekòl la _____ Kòd lekòl la (e.g. K000) _____ Distri _____

Mwen konprann ke tout kesyon konsènan pwosedi Seleksyon C-30 la trè konfidansyèl. Kòm yon manm SLT a, mwen aksepte tout responsablite pou m kenbe konfidansyalite total epi mwen pa p revele okenn enfòmasyon konsènan aplikan yo ba okenn moun swa pandan pwosesis seleksyon swa apre. Tout vyolasyon konsantman sa a ka diskalifye m pou patisipe nan lòt chita pale C30 alavni.

Mwen sètifye ke deklarasyon mwen fè la a se laverite epi yo kòrèk, dapre sa m konnen ak sa mwen kwè.

Non SLT a Manm _____ Siyati _____ Dat _____

Tcheke afilyasyon:

- ____ Direktè
____ Asistan Direktè
____ Lidè UFT Chapter
____ Prezidan PTA
____ Paran
____ Pwofesè
____ Lòt moun _____